

# KOWONAVIRIS LA, sa I ye?

Se yon mikwòb. Li si tèlman piti ou paka wè l.

Bon w... ou pa ka wè m. Mwen envisib.



Yo fèmen anpil lekòl, epi yo mande tout moun rete lakay yo epi pa sòti san bezwen pou mikwòb la ka teke fren l nan flannen l, epi evite pou twòp moun pa malad.



Si nou ralanti mikwòb la, n ap bay lopital ak gwo save nan koze sa a tan pou yo jwenn remèd epi bay moun malad bonjan swen.



Si se nan kò yon timoun li antre, sa gen dwa pa pi mal. Men si se nan kò yon granmoun, li ka fè l malad anpil.



Yo mande tou, pou moun ki malad ret apa pou yo pa bay lòt moun mikwòb la.

Na pale nan telefòn pito tande grann.



Lòt bagay ou ka fè pou w ede ralanti mikwòb la sou kous li anplis de rete lakay ou, se lave men w souvan epi touse nan koud bra w.




Kowonaviris la flannen sot nan yon moun al nan yon lòt si youn manyen lòt oswa si yo nan menm chanm kay.

Yas! Yon lòt kay!



Nou santi nou nwì lè nou paka rankontre epi ret ansanm ak fanmi nou epi ti zanmi nou. Men mikwòb la santi l pi nwì toujou pase nou. L ap mal anpil pou l kontamine lòt moun nan kondisyon sa a yo paske l pa jwenn bò pou l mache.

Kèt mesye!



Si tout moun fè atansyon, n ap ka pwoteje tèt nou, pwoteje lòt moun epi sove lavi anpil moun.

